

Gid ak Enfòmasyon sou Resous nan Pwogram Vaksen Adomisil nan Massachusetts la

23 mas 2021



Pwogram Vaksen Adomisil nan Massachusetts la

Commonwealth lan ap travay ansanm ak Ajans Lasante lokal yo, epi li te devlope yon pwogram tout kote nan eta a pou ofri vaksinasyon adomisil pou moun ki oblije rete lakay yo epi ki pa ka kite kay yo pou al nan yon kote yo bay vaksen.

Pou w kalifye pou Pwogram Vaksen Adomisil nan Massachusetts la

Vaksen adomisil yo se pou moun ki oblije rete lakay yo, moun ki pa ka kite kay yo pou al nan yon kote yo bay vaksen, menm lè yo jwenn èd. Moun sa yo bezwen swa :

1. Yon anbilans oswa de (2) moun pou ede yo lè y ap kite lakay yo, oswa
2. Yo pa kapab kite lakay yo pou al nan randevou doktè nan sikonstans nòmal yo, oswa
3. Gen anpil difikilte epi/oswa yo bezwen anpil sipò pou kite lakay yo pou al nan randevou.

Kijan pou w pran Kontak ak Pwogram Vaksen Adomisil nan Massachusetts la

Pou òganizasyon yo k ap sipòte moun ki oblije rete lakay yo epi ki ka bezwen pran vaksen lakay yo, yo ka voye yo nan Liy Santral Pou Fè Triyaj Moun pou Vaksinasyon Adomisil yo MassOptions ap dirije nan Eta a, pou tcheke si gen kondisyon pou resewa yon vaksen adomisil epi konekte yo ak resous pou pran randevou pou vaksinasyon an.

Liy Santral pou Fè Triyaj Moun pou Pwogram Vaksinasyon Adomisil yo
1- 833-983-0485

Lendi jiska Vandredi
De 9 vè dimaten a 5 kè diswa

Liy Santral pou Fè Triyaj Moun pou Pwogram Vaksinasyon Adomisil yo la nan lang anglè ak espanyòl, epi ap gen tradiktè sou plas pou bay rezidan yo sipò nan apeprè 100 lòt lang.

Konsènan Pwogram Vaksinasyon Adomisil nan Massachusetts la

Pou moun ki pa ka kite lakay yo pou al nan randevou pou pran vaksen, menm si yo jwenn èd, **Commonwealth la vin ak yon solisyon ki gen plizyè aspè, pou asire moun sa yo kapab pran vaksen an lakay yo.**

Anpil Ajans Lasante lokal yo òganize vaksinasyon adomisil pou kont yo nan kominote pa yo, alòske gen lòt ki te chwazi fè alyans ak pwogram vaksinasyon adomisil atravè Commonwealth Care Alliance (CCA) la.

Lè yon moun kontakte Liy Santral pou Fè Triyaj Moun pou Pwogram Vaksinasyon Adomisil yo, I ap ka pale ak yon reprezantan ki pral poze li kesyon pou wè si li satisfè kondisyon pou vaksen adomisil (jan nou eksplike anwo a). Liy Santral Pou Fè Triyaj Moun pou Vaksinasyon Adomisil yo gen posiblite sèlman pou sipòte moun yo nan fè



triyaj pou yon vaksen adomisil, epi reprezantan yo pa kapab pran randevou pou vaksen an jeneral, reponn kesyon jeneral sou COVID-19 oswa bay yon moun konsèy swen lasante.

Si li satisfè kondisyon pou vaksinasyon adomisil la, y ap enskri non li ak Founisè Vaksen Adomisil Eta a, ak Commonwealth Care Alliance, oswa dirije yo nan Ajans Lasante lokal pa yo selon kote moun yo ap viv epi si Ajans Lasante lokal yo a bay vaksen adomisil.

Si li pa satisfè kondisyon pou yon vaksinasyon adomisil, y ap rekòmande moun ki rele a lòt resous pou jwenn èd pou pran yon randevou nan yon sant vaksinasyon oswa jwenn solisyon pou transpò.

Founisè Vaksen Adomisil Eta a, Commonwealth Care Alliance, ap fè aranjman pou pwograme randevou ak bay vaksinasyon adomisil yo.

- Founisè Vaksen Adomisil Eta a ap telefone moun yo ki enskri nan Pwogram Eta a pou mete randevou pou vaksen adomisil la, nan anviwon twa (3) jou nòmal travay apati jou enskripsyon an.
- Founisè Vaksen Adomisil Eta a ap gen pwofesyonèl lasante nan ekip la ki pral vizite kay la pou bay vaksen COVID-19 la selon tout rekòmandasyon sante piblik yo. Nan moman moun lan ap mete randevou vaksen an, moun k ap bay vaksen an ap pale ak moun k ap resevwa vaksen an sou bezwen li yo. Moun k ap bay vaksen yo se pwofesyonèl lasante yo tcheke dosye sou vi yo, se moun ki suiv pi bon metòd sante piblik epi y ap gen medikaman pou jere reyaksyon alèji.
- Founisè Vaksen Adomisil Eta a ap itilize Vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson Janssen lan FDA apwouve.

Akoz de faktè lojistik yo konsènan dat ekspirasyon vaksen an pandan transpò a, y ap gwoupe moun k ap resevwa vaksinasyon adomisil yo pa rapò a rejyon yo abite, li pa fèt sou baz moun ki vini avan k ap pran sèvis avan. Li ka pran moun yo plizyè semèn pou jwenn vaksinasyon adomisil akòz de faktè lojistik sa yo.

Pou moun yo ki bezwen èd lè y ap fè enskripsyon alavans oswa pran yon randevou kote yo bay vaksen, tanpri rele nan 2-1-1 (877-211-6277).